No. of Printed Pages : 4

**BMAF-001**

**BDP/BCA/BTS**

**सत्रांत परीक्षा**

**दिसम्बर, 2016**

00864

**BMAF-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम**

*Time : 2 hours* *Maximum Marks : 50*

***नोट :*** *सभ प्रश्नक उत्तर लिखू । उत्तर देवनागरी अथवा तिरहुतामे लिखू ।*

**1.** निम्नलिखित शब्दक द्वारा वाक्यनिर्माण करू : *5*

(क) आम

(ख) काज

(ग) भात

(घ) रचना

(ङ) लाठी

**2.** निम्नलिखित शब्द सभक देशज रूप लिखू : *5*

(क) अपयश

(ख) अक्षि

(ग) पत्र

(घ) सत्य

(ङ) वर्तिका

3. मुहाबिरा एवं लोकोक्तिक महत्त्व 50 शब्दमे लिखू । 5

4. निम्नलिखित समारोह-पावनि कहिआ मनाओल जाइछ : 5

(क) गणतंत्र दिवस

(ख) स्वतंत्रता दिवस

(ग) जानकी नवमी

(घ) विद्यापति जयन्ती

(ङ) जन्माष्टमी

5. निम्नलिखित शब्दक एक-एक टा पर्यायवाची शब्द लिखू : 5

(क) रानी

(ख) सूरज

(ग) जीव

(घ) कुल

(ङ) कमल

6. (क) निम्नलिखित अवतरणमे सँ कोनो ***एक*** पर 150 शब्दमे व्याख्या लिखू : 7

दुइ फेँड़वला बुढ़वा गाछ...
कोनइला तर ठाढ़ छी –
करइ अछि आकृष्ट मनकेँ
डारि पर लटकल सिनुरिआ आम
काल्हि परसू आ कि चारिम दिन जएतइ पाकि
पाबि सिहकी रात्रिशेषक

टब्भ दए खसि पड़त चुप्पेचाप
के कहओ, लगतैक ककरा हाथ
किछु होऊओ भावीक चिन्ता नहि करी
एखन तँ झरकल नयनकैं जुड़ा ली तत्काल
दिव्य ओ अभिराम
करइ अछि आकृष्ट मनकैं
डारि पर लटकल सिनुरिआ आम ।

(ख) प्रथमहि सङ्कर सासुर गेला ।
बिनु परिचय उपहास पड़ला ।।
पुछिओ न पुछलक बैसलाह जहाँ ।
निरधन आदर के कर कहाँ ।।
हिमगिरि मण्डप कौतुक-रसी ।
हेरि हसल सबे बुढ़ तपसी ।।
से सुनि गौरि रहलि सिर नाए ।
के कहत मा के तोहर जमाए ।।
साप सरीर ओ काँख बोकाने ।
प्रकृति औखध जग केदहु जाने ।।
भनइ विद्यापति सहज कहू ।
आडम्बरे आदर हो सबतहू ।।

7. 'हथंटुट्टा कुरसी'क कथानक लिखू । 7

8. निम्नलिखितमे सँ कोनो ***एक*** विषय पर 300 शब्दमे साहित्यिक परिचय लिखू : 7

(क) विद्यापति

(ख) सुरेन्द्र झा 'सुमन'

(ग) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'

9. निम्नलिखितमे सँ कोनो ***एक*** विषय पर 150 शब्दमे अपन विचार लिखू : 4

(क) समाचारक भाषा

(ख) मातृभाषाक महत्व

(ग) राष्ट्रीय एकता

---